**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**TEXNIKA FAKULTETİ**

**«İNFORMATİKA» PA’NİNEN**

# Referat

TEMA: **MICROSOFT WINDOWS OPERATSION SISTEMASI. STANDART PROGRAMMA**

*ORINLAG’AN:* **Ernazarov B.**

*QABILLAG’AN:* **Pirimbetov A.**

**No’kis-2016**

**Tema:** **MICROSOFT WINDOWS OPERATSION SISTEMASI**

***JOBA***

**Kirisiw**

I bap: **MICROSOFT WINDOWS OPERATSION SISTEMASI. JUMIS STOLI HA'M AYNALARI**

II bap: **MA'SELELER PANELI HA'M BAS MENYU BO'LIMLERI**

III bap: **FAYLLAR MENEN ISLEW.**

**IV bap:** **HU'JJETLERDI REDAKTORLAW HA'M FORMATLAW**

V bap: **MICROSOFT WORD TA TABLITSALI HU'JJETLERDI JARATIW**

**PAYDALANG'AN A'DEBIYATLAR**

## КИРИСИЎ

**Informatika** ataması latınsha **informatic** so’zinen kelip shıqqan bolıp, tu’sindiriw, xabar etiw, bayanlaw ma’nisin an’latadı. Ingliz tilinde bul atamag’a Computer science (kompyuter texnikası haqqındag’ı pa’n) sinonimi sa’ykes keledi.

Informatika kompyuter texnikasının’ rawajlanıwı sebepli ju’zege keldi. Informatika esaplaw texnikasın jaratıw ha’m qollaw, informatsiya ha’m onı qayta islew texnologiyaları menen baylanıslı bolg’an barlıq na’rselerdi o’z ishine aladı. Informatikanın’ tiykarg’ı resursı — *informatsiya*.

**Informatsion sistema**— belgilengen maqsetke erisiw jolında informatsiyanı jıynaw, saqlaw, qayta islew ha’m uzatıw ushın qollanatug’ın usıllar, qurallar ha’m shaxslardın’ o’zara baylanısqan ortalıg’ı.

**Informatsion texnologiya** — bul informatsion mag’lıwmattı bir ko’rinisten ekinshi, sıpat ta’repten jan’a ko’riniske keltiriw, informatsiyanı jıynaw, qayta islew ha’m uzatıwdın’ usıl ha’m quralları jıyındısınan paydalanıw protsessi.

Informatsion texnologiya o’zi ushın tiykarg’ı ortalıq bolg’an informatsion sistemalar menen tikkeley baylanıslı. Sebebi informatsion texnologiya informatsion sistemalarda bar bolqan mag’lıwmatlar u’stinde orınlanatug’ın ha’r qıylı quramalıqtag’ı operatsiyalar, a’meller ha’m algoritmlerdi orınlawdan ibarat bolg’an ta’rtiplestirilgen protsess.

## §1 MICROSOFT WINDOWS OPERATSION SISTEMASI JUMIS STOLI HA’M AYNALARI

Reje:
1. WINDOWS OS haqqında mag’lıwmat
2. Windows XP operatsion sistemasının’ jumıs stolı
3. Windows aynaları menen islew

WINDOWS XP grafikalıq o’nimnin’ ko’rinisi, dawıs ha’m zamonago’y texnologiyaları boyınsha jaratilg’an multimedia qosımshalar imkaniyatların jaqsılaydı. Universal Serial Bus (USB) shinası ja’rdeminde sırtqı qurılmalardın’ an’sat jalg’anıwın tamiynleydi, televidenie ha’mde jeke kompyuterdin’ imkaniyatların birlestiriwge imkan jaratadı.

Windows XP isletilgen halda qurılmalarg’a to’mendegi minimal talaplar qoyıladı:

- protsessor — Pentium- 750MHz ha’m onnan joqarı;
- operativ yadtın’ ko’lemi — 64 Mbayt ha’m onnan u’lken;
- sistemanın’ standart ornatılıwı ushın qattı diskte (vinshesterde) 500 Mb bos orın bolıwı kerek;
- kompakt-diskler ha’m DVD diskleri ushın diskovod;
- monitor — VGA yaki onnan da joqarı anıqlıqqa iye bolg’an qurilma;
- kiritiw qurılmaları — Microsoft Mouse mıshı yaki og’an mas basqa qurılma.



*Windows XP operatsion sistemasının’ jumıs stolı*

Eger kompyuterde WINDOWS XP OS ornatılg’an bolsa, ol kompyuter jag’ılıwı menen iske tu’sip ketedi ha’m natiyjede ekranda onın ko’rinisi payda boladı:

WINDOWS XP ekranının’ tiykarg’ı bo’limleri:

- jumıs stolı-tiykarg’ı oblast;
- ma’seleler paneli («**Pusk**» tu’ymesi menen baslanatug’ın qatar) — a’dette ekrannın’ to’mengi bo’liminde jaylasadı.

Jumıs tamamlang’annan son’, mıshtı «**Pusk**» tu’ymesinde basıp «**Zavershenie rabotı**» bo’limin tan’law kerek, payda bolg’an sawal-juwap aynasında «**Vıklyuchit kompyuter**» (Kompyuterdi o’shiriw) buyrıg’ın tan’lap, «**Da**» (Awa) tu’ymesin basıw za’ru’r. Bunday izbe-izlik Windows-98 sistemasında o’z jumısın tuwrı tamamlaw ha’m waqtınsha fayllarin bekitiw ushın imkan beredi.

***Kompyuterdi o’shiriwden aldın ha’mıyshe barlıq ashılg’an qosımshalardı jawıp «Zavershenie rabotı» rejimin isletiw za’ru’r.***

### Windows operatsion sistemasinin’ jumis stolı

Windows-XP jumıs stolında sistema qosımshalaının’ znashokları ha’m belgileri (yorlıklar) jaylasqan. Sistemanın’ standart ornatılıwın’da bul to’mendegi qosımshalar: «**Moy kompyuter**» (Menin’ kompyuterim), «**Setevoe okrujenie**» (Tarmaq ortalıg’ı), «**Korzina**», «**Vıxod v İnternet**». Lekin Siz, za’ru’rlikke qarap, jumıs stolında paydalanıp atırg’an qosımshaların’ız yarlıkların shıg’arıp alıwın’ız mu’mkin. Bunın’ ushın mısh ko’rsetkishin stoldın’ qa’legen bos ornına alıp barıp, mıshtın’ on tu’ymesin basıw za’ru’r. Payda bolg’an buyrıqlar diziminde «**Sozdat**» buyrıg’ın tan’lap, na’wbettegi payda bolg’an izimde «**Yarlık**» qatarın basın’. Ekranda «**Sozdanie yarlıka**» sawal-juwap aynası payda boladı, onda «**Obzor**» tu’ymesin aktivlestiriw kerek ha’m payda bolg’an lfefdshp ha’m fayllar dizimi ishinen kerekli qosımshanın’ buyrıq faylın tabıw za’ru’r. Eger izlenip atırg’an element tuwrı bolsa «**Dalee**» tu’ymesin basıw kerek.

Keyingi aynada «**Gotovo**» tu’ymesin basın’. Usı jerdin’ o’zinde belginin’ atın o’zgertiw mu’mkin. Na’tiyjede belgi tayar boladı.

Eger jumıs stolı tu’rli qosımshalar ha’m Programmalar belgiluri menen tolıp ketse, onı «tazalaw» mu’mkin. Bunın’ ushın ko’rsetkishti artıqsha elementke alıp barıp, mıshtın’ shep tu’ymesin basıw ha’m tu’ymeni

to’mengige jibermesten, ko’rsetkishti «**Korzina**» u’stine jıljıtıw za’ru’r, «**Korzina**»nın’ u’stinde mıshtın’ tu’ymesin to’menge jibeerin’. Bul a’mel menen Siz artıqsha belgini «**Korzina**»g’a alıp tashlaysız. Egerde waqıt o’tken sayın «**Korzina**» jan’a fayllar ha’m kataloglar menen tolıp barsa, onı da tazalaw mu’mkin. Bunın’ ushın «**Korzina**» belgisi u’stinde mıshtın’ shep tu’ymesin eki marte basıw kerek.

«Korzina» nı tozalaw ushın «**Fayl**» menyuındag’ı «**Ochistit korzinu**» buyrug’i u’stinde mıshtın’ shep tu’ymesin bir marte basın’.

**Aynalar menen islew**

WINDOWS sisteması nege bunday dep atalg’anlıgın ziyrek oqıwshı programma menen da’slepki jumıs payıtındaaq bayqag’an bolsa kerek. Bul sistemada islew protsessinde kompyuter Siz benen aynalar ja’rdeminde baylanıs ju’ritedi. Ma’selen, qosımshalar ayna ko’rinisinde payda boladı ha’m t.b. Demek, ayna WINDOWStın’ tiykarg’ı ob’ekti eken. Aynanın’ bir neshe tu’rleri bar: *kataloglar (papkalar) aynası, baylanıs aynası, qosımshalar aynası, mag’lıwmatlar sisteması aynası.*

*Kataloglar aynası* xu’jjetler ha’m qosımshalardı izlew, tan’law ha’m ju’klew ushın isletiledi. Kataloglar aynası WINDOWStın’ basqa ob’ektleri znashokları ha’m aynanı basqarıw elementlerin o’z ishine aladı.

*Qosımshalar aynası* tiykarınan hujjetler menen islewde qollanadı. Bul aynalar qosımshalarg’a hu’jjet sıpatında ju’kletilgen informatsiyanı ha’m qosımshalardı basqarıw elementlarin o’z ishine aladı.

*Baylanıs aynası* tek basqarıw elementlerin o’z ishine alıwı menen basqa aynalardan parq qıladı. Olar ja’rdeminde operatsion sistema ha’m onın’ qosımshalın basqarıw mu’mkin.

*Mag’lıwmatlar sisteması aynası* operatsion sistema ha’m qosımshalar jumısı haqqındag’ı mag’lıwmatlardı o’z ishine aladı.

Endi kataloglar aynasının’ tiykarg’ı bo’limlerin anıqlastırıp alamız. Bunı «**Korzina**» aynası mısalında ko’rip shıg’amız. Birinshi qatar (ko’pshilik ja’daylara bul ko’k re’degi qatar) — *ayna atı.* Egerde usı qatardag’ı qosımshanın’ su’wretine basılsa, ayna jaylasıwın ha’m o’lshemlerin belgilewshi buyrıqlar dizimi payda boladı.

On’ joqarı mu’yeshinde u’s tu’ymeshe bar:

Birinshisi — «**Svernut**». Ol qosımsha aynasının’ ma’seleler panelindegi to’rt mu’yesh tu’ymeshe fomasında jıynap aladı. Mısh tu’ymesin «ayna» u’stinde bir ma’rte basıw aynanın’ aldıng’ı o‘lshemi ha’m jaylasıwın tikleydi. (Bu’ to’rtmu’yesh tu’ymeshelar barlıq minimallastırılg’an aynalar ko’rinisi ushın onın’ o’lshemin avtomatik ra’wishte o’zgertedi).

Ekinshisi — «**Razvernut**». Ol qosımsha aynasın tolıq ekrang’a (yaki hu’jjet aynasın tolıq qosımsha aynasına) jayıp taslaydı. Sog’an a’hmiyet beriw kerek, ma’seleler paneli ayna maksimallastırılg’an jag’dayda da ko’rinip turadı. Mısh «**Razvernut**» piktogramması u’stinde basılg’annan keyin onın’ ornında basqa eki kvadratlı piktogramma payda boladı. Payda bolg’an piktogrammanın’ u’stinde mısh basılsa, ayna aldıng’ı jag’dayına qaytadı.

U’shinshisi — «**Zakrıt**». Ol qosımshanı jabadı ha’m orınlanıp atırg’an jumıstın’ saqlap qalınbag’an natiyjelerin saqlaydı. (Bul operatsiya klaviaturada Alt+F4 tu’ymesheler kombinatsiyası ja’rdeminde a’melge asırıladı.) Qosımshanı jabıw ushın qosımshanın’ sistema menyui tu’ymesin eki ma’rte basıw da mu’mkin.

Aynadag’ı keyingi qatar — menyuler qatarı. Onda bir neshsheden buyrıqlardı o’z ishine alg’an menyuler jaylasqan. Bular «**Fayl**», «**Pravka**», «**Vid**», «**Perexod**», «**İzbrannoe**», «**Spravka**» menyuları.

Aynanın’ shetlerinde vertikal ha’m gorizontal aylandırıw tasmaların ko’riw mu’mkin. Aynanın’ to’mengi bo’liminde *jag’day qatari* jaylasqan. *Menyular qatarı astında piktogrammalar qatarı* bar. Bul qatarda ko’p isletiletug’ın buyrıqlar belgileri jaylasqan.

Onnan keyin a’dette adres qatarı jaylasadı.

«**Vid**» menyuine kirip, aynadag’ı payda bolg’an ob’ektlerdin’ belgilerin o’zgertiw mu’mkin. «**Krupnıe znachki**» buyrıg’i ob’ektlerdi u’lken piktogrammalar fomasında ko’rsetedi. «**Melkie znachki**» buyrıg’ı ob’ektlerdi mayda formada, «**Spisok**» — ob’ektlerdi dizim fomasında, «**Tablitsa**» — ob’ektlerdi og’an tiyisli mag’lıwmatlardı (ko’lemi, jaratılıw waqıti, sa’nesi) menen birgelikte ko’rsetedi.

Jumıs stolında jaylasqan yorlıklar o’lshemin o’zgertpekshi bolsan’ız, jumıs stolın bos ornında mıshtın’ on’ tu’ymesin basasız. Payda bolg’an dizimnen «**Svoystva**» buyrıg’ın tanlan’. Payda bolg’an aynada «**Parametrı**», son’ «**Nastroyka**» bo’limine kirin’. «**Rabochiy stol**» bo’liminde ko’rsetkish «**Menshe**» ta’repke su’rilse, ekrandagı yarlıklar o’lshemi u’lkenlesedi, kerisinshe, «**Bolshe**» ta’repke su’rilse—kishkenelesedi.

Aynanın’ «**Fon**» bo’limine o’tilse, jumıs stolının’ su’wretin, yag’niy *fondı* o’zgertiw mu’mkin. Aynadag’ı ekran u’lgisinin’ astında eki u’stin bar: birinde nag’ıslar dizimi, basqasında—suwretler dizimi ko’rsetilgen boladı. Kerekli su’wretti tan’lap alıp, onı ekran u’lgisine qoyg’annan son’, «**Primenit**» tu’ymesin mısh penen bassan’ız su’wret o’zgeredi. Aynanın’ «**Zastavka**» bo’liminde zastavka o’zgertiledi. Usı protsess joqarıdagı fondı o’zgertiw kibi a’melge asırıladı. O’zin’iz jeke islep, ha’r eki bo’limnin’ uqsas tarizde islewine isenesiz.

## §2 MA'SELELER PANELI HA'M BAS MENYU BO'LIMLERI

Reje:

1. Ma'seleler paneli
2. "Pusk" bas menyu bo'limleri

Ma'seleler panelinde shep ta'repte «**Pusk**» tu'ymesi, on' ta'repte saat, klaviaturanın' indikatorları keltirilgen. Eger mısh ko'rsetkishin waqıt indikatorına alıp borılsa, sa'ne ko'rsetiledi. Egerde mıshtın' shep tu'ymesi waqıt indikatorında eki marte basılsa, «**Svoystva: Data\vremya**» aynası payda boladı.




*Bas menyu*

Bul jerde sa'neni, saattı o'zgertiwin'iz mu'mkin. Ay atı, jıl, saat, minut, sekund raqamları turg'an aynalar qasında pa'ske, joqarıg'a qarag'an ko'rsetkishler (u'shmu'yeshler) bar. Joqarıg'a qarag'an u'shmu'yesh u'stinde mısh basılsa, raqam o'sedi, to'menge qarag'an u'shmu'yesh u'stinde basılsa — raqam kemeyedi.

Mıshtı klaviatura indikatorında basıp, alipbeler dizimin ashıw kerek: lotın yaki kirillshe alipbege o'tiw mu'mkin.

Egerde mısh ko'rsetkishin «**Pusk**» tu'ymesine alıb barsan'ız, Sizge jumıs baslawdı usınıs etiwshi «**Nachnite rabotu s najatiya etoy knopki**» degen xabar payda boladı.

«**Pusk**» tu'ymesi Bash menyudi ko'setedi. Menyudan qosımshalar ha'm hujjetlerge mu'rajat etiledi. «**Pusk**» tu'ymesi basılg'anda, Bas menyudin' to'mendegi ko'rinisi payda boladı. Bas menyudegi Optsiyalar (bo'limler, arnawlı a'meliy programmalar) to'mendegi wazıypalardı orınlaydı:

«**Sozdat dokument Microsoft Offise**» optsiyası — Office qosımshalarında jan'a hu'jjet jaratadı;

«**Otkrıt dokument Microsoft Offise**» optsiyası — Office qosımshalarında jaratilg'an ha'm yadta bar bolg'an hu'jjetlerdi ashıp beredi.

«**Programmı**» optsiyası kompyuterge ornatılg'an a'meliy programmalar menyuin ko'rsetedi. Usı menyude paydalanıwshılar ta'repinen isletiletug'ın programmalar dizimi, «**Provodnik**» ha'mde «**Seans MS-DOS**» sistemaları bar. Mısh ko'rsetkishin usı optsiya boyınsha ha'reketlendirgenin'izde ekranda ja'ne bir dizim payda boladı. Bul programmalar blogının' dizimi. Siz qa'legen bloktı tan'lag'anın'ızda onın' ishinde jaylastırılg'an programmalar dizimi payda boladı ha'm mıshtı olardan birinin' u'stinde bassan'ız, usı programma iske tu'sip ketedi. Sol waqıtta ma'seleler panelinde tuwrı to'rtmu'yeshli tu'ymeshe (ayna) payda boladı ha'm ol usı programma orınlanıp atırg'anın an'latadı. Tu'ymesheni aktivlestiriw ushın mısh ma'lim to'rtmu'yesh u'stinde basıladı.

«**Dokumentı**» optsiyası paydalanıwshılar ta'repinen isletilgen oqırgı 15 hu'jjet dizimin ko'rsetedi. Dizimdegi hu'jjetlerdi ashıw ushın mısh ko'rsetkishi usı hu'jjet atı u'stinde bosıladı. Dizimdi kompyuter yadınan o'shiriw ushın «**Nastroyka**» optsiyasın aktivlestirin' ha'm «**Panel zadach**» bo'limin tan'lap, u'stinde mıshtın' shep tu'ymesin bir marte basın'. Payda bolg'an aynanın' «**Dokumentı**» bo'liminde «**Ochistit**» tu'ymesi bar.

«**Nastroyka**»—Windows-98 ortalıg'ın sazlaw ha'm onı paydalanıwshı talaplarına maslastırıw ushın xızmet qıladı.

«**Panel upravleniya**» (Basqarıw paneli) bo'liminde ba'zı qurılmalardın' imkaniyatları, a'sirese, parametrlerin Siz jeke talapların'ızg'a mas ra'wishte o'zgertiwin'iz mu'mkin. Ma'selen, usı bo'lim ja'rdeminde mıshtın', klaviaturanin' parametrin o'zgertiw mu'mkin.

«**Printerı**» bo'liminde printerdi ornatıw ha'm sazlaw isleri orılanadı. Printerdi kompyuterge jalgag'annan son' kompyuterge jan'a qurılma haqqında mag'lıwmat beriw ha'm usı mag'lıwmattı yadtın' bir ornına jazıp qoyıw kerek. Bul protsess installyatsiya protsesi delinedi. «**Nastroyka**» optsiyasındag'ı «**Printerı**» bo'limin islu tu'siremiz (mıshtı «**Printerı**» qatarında bir ma'rte basamız). Payda bolg'an aynada «**Ustanovka printera**» qatarın aktivlestiremiz. Kompyuter shıg'arg'an baylanıs aynalarında berilgen sawallarg'a izbe-iz juwap berip baramız. Sistema disketanı sorag'anda printer komplektine kiriwshi installyatsion disketanı diskovodqa salamız. Eger kompyuter printerge kerek bolg'an drayverdi (mag'lıwmatlardı bir ko'rinisten basqa ko'riniske awarıwshı programma) o'z yadınan taba alsa, Sizin' ja'rdemin'iz kerek bolmaydı. Jumıs juwmag'ında sistema Sizden bir sınaw betin (probnaya stranitsa) shıg'arıw za'ru'r-za'ru'r emesligin soraydı. Jaqsı juwaptan keyin bir betti printerge salıp, natiyjeni alasız, eger bettegi mag'lıwmattı oqıy alsan'gız — printerdi jaqsı ornatqansız, keri jag'dayda joqarıdag'ı a'mellerdi ja'ne bir ma'rteorınlaysız.

«**Panel zadach**» bo'liminde ma'seleler panelinin' forması tan'lanadı. Bunın' ushın «**Panel zadach**» aynasında «**Parametrı paneli zadach**» bo'limi tan'lanadı. Paydalanıw mu'mkin bolg'an optsiyalar:

· «**Raspolojit poverx vsex okon**» optsiyası ma'seleler panelinin' barlıq waqıtta (qosımshanın' aynasi maksimallastırılg'an jag'daydada) ko'rinip turıwın tamiynleydi.

· «**Avtomaticheski ubrat s ekrana**» optsiyası ma'seleler panelin jasırıp turadı. Onı ko'rinetug'ın qılıw ushın mısh ko'rsetkishin ekran shetine, ma'seleler paneli jaylasqan orıng'a jıljıtıw kerek.

· «**Melkie znachki v glavnom menyu**» optsiyası «**Pusk**» menyuindegi su'wretsheler o'lshemin kemeytedi.

«**Otobrajat chası**» optsiyası a'seleler panelinin' o' ta'repinde saattı ko'rsetedi. «**Nastroyka menyu**» bo'liminin' «**Pusk**» bo'liminde «**Programmı**» dizimine qosımshalar atın qosıw ha'mde alıp taslaw mu'mkin.

«**Poisk**» bo'limin paydalanıwshının' kompyuterinde izlew sha'rtleri boyınsha fayllar ha'm kataloglardı, sondayaq, Internet tarmag'ında kompyuterdi izlew ushın arnalg'an.

Meyli Siz ju'da' ko'p mug'dada fayllar jarattın'ız, sonın' ushın fayldı tez tabıw waqıt o'tiwi menen problema bolıp qalıwı mu'mkin. Fayllar izlewin onın' ha'r tu'rdegi sha'rtlerin (fayldın' o'lshemi ha'm o'zgertiliw sa'nesi) kiritkennen son' a'melge asırıw mu'mkin. Fayllar izlewi to'mendegi izbe-izlikte a'melge asırıladı: **«Faylı i papki»** bo'limin tanlag'annan keyin sawal-juwap aynası payda boladı. **«İmya razmeshenie»** bo'limi fayl ha'm katalogtın' atın (eger ol anıq bolsa), paydalanıwshı qaysı diskte yaki katalogta izlemekshi ekenligin anıqlastırıw imkaniyatın beredi.

Fayldın'yaki katalogtın' atı «?» yaki «*» belgilerin isletiw mu'mkin. «?» belgisi qa'legen belgi, «*»-qa'legen qatar ornın basadı

**«Data izmeneniya»** bo'limi ja'rdeminde fayldın' jaratilg'an ha'm o'zgertilgen sa'nesi kiritiliwi mu'mkin. Bunda eger **«Vse faylı»** optsiyası tan'lansa, izlew protsesinde faylın' o'zgertiliw sa'nesi inabatqa alınbaydı.

Fayllardı diskte yaki u'lken ko'lemdegi kataloglarda izlew ko'p waqıt alıwı mu'mkin. Sonın' ushın onı baslawdan aldın, izlew protsesin imkanı barınsha qısqartılg'anına isenim payda etiw kerek.

Egerde izlew ju'da' ko'p dawam etip atırg'an bolsa yaki kerekli ob'ekt tabılg'an bolsa, izlewdi tuxtatish ushın **«Stop»** tu'ymesin basıw kerek.

**«Spravka»** bo'limi ja'rdem talap etilgende isletiledi. Eger Siz ba'zı na'rselerdi tu'sinbey turg'an bolsan'gız yaki qandayda bir piktogramma, buyrıqtın' islew protsesi esin'izden shıqqan bolsa, sistema Sizge, a'lbette, ja'rdem beredi.

Windows-98 ja'rdemshi mag'lıwmat alıwdın' bir neshe usılın ta'miynlep beredi. Olardan biri **«Pusk»** menyuının' **«Spravka»** bo'limin tan'law ja'rdeminde a'melge asırıladı. **«Spravka»**—u'sh bo'limli mag'lıwmatnama formasında islengen— **«Soderjanie»**, **«Predmetnıy ukazatel»** ha'm **«Poisk»**.

Siz ulıwma tavsif boyınsha mag'lıwmattı **«Soderjanie»** bo'liminnen alıwın'ız mu'mkin. Ol mag'lıwmatnamadag'ı ha'r bir temanın' qısqasha ta'riypin o'z ishine alg'an, joqarı bag'anadag'ı baplardı korsetetu'ın mazmun. Ha'r bir bap kitaptın' su'wretshesi menen, ha'r bir kishi tema— bet su'wretshesi menen an'latılg'an.

**«Predmetnıy ukazatel»** (Tema ko'rsetkishi) bo'limi Sizge mag'lıwmat temasın so'z yaki termin boyınsha izlew imkanın beredi. Mag'lıwmat indeksleri alfavit tartibinde sanap o'tilgen barlıq gilt so'zleri menen alıngan kitaptın' real indeksine uqsas. Bul bo'lim, paydalanıwshı arnawlı temanı **«Soderjanie»** bo'liminde taba almag'an jag'dayda, ju'da qolay.

Egerde atama yaki tu'sindirmeni basqa jol menen tabıw mu'mkin bolmasa, **«Poisk»** bo'limin tan'law kerekli mag'lıwmattı tabıw imkaniyatın beredi. Bul usıl bir arnawlı imkaniyat boyınsha barlıq temaları tabıw kerek bolg'an jag'dayda qolay.

WINDOWS-98 siteması sawal-juwap aynasının' qa'legen oblastı boyınsha mag'lıwmat alıw ushın usı aynanın' qa'legen oblastında mıshtın' on tu'ymesin basıw kerek. Onda **«Chto eto takoe?»** ba'ndi ko'rsetiledi. Mıshtı kerekli ba'nt u'stine alıb kelip basılsa, mag'lıwmattın' qısqa ko'rinisi ko'rinedi.

**«Vıpolnit»** optsiyası qa'legen programma yaki fayldı iske tu'siriw ushın isletiledi (Eger kerekli programma **«Programmı»** bo'liminde bolmasa, bul optsiya ju'da' za'ru'r).

**«Zavershenie rabotı»** bo'limi jumıs tamamlang'annan son', kompyuterdi zıyansız o'shiriwdi tamiynleydi. Bunnan tısqarı, usı bo'lim kompyuterdi jan'adan jumısqa tu'siriw yaki tarmaqta jan'adan dizimnen o'tkeriw imkaniyatlarina iye.

## §3. FAYLLAR MENEN ISLEW.
## «MOY KOMPYUTER» HA'M «PROVODNİK» QOSIMSHALARI

Reje:

1. «Moy kompyuter» qosımshası
2. Provodnik qosımshası

Windows XP sisteması kompyuterde mag'lıwmatlardı saqlaw strukturaların basqarıw ha'm ko'rip shıg'ıwdı eki usılda orınlaydı: **«Moy kompyuter»** ha'm **«Provodnik»** qosımshaları ja'rdeminde.

**«Moy kompyuter»** qosımshası kompyuterdin' fayllı strukturasın ha'm disklerin, katalog ha'm fayllarıın, usının' menen birge, **«Panel upravleniya»** ha'm **«Printerı»** (Baspag'a shıg'arıw qurılmaları) qosımshaları aktivligin muwapıqlastırıp basqarıw imkaniyatların jaratıp beredi. **«Moy kompyuter»** fayllardı o'shiriw, qayta ataw, ornın o'zgertiw, olardan nusqa alıw ushın isletiliwi de mu'mkin.

Jumıs stolındag'ı **«Moy kompyuter»** ob'ektinde mıshtı eki ma'rte bassan'ız, qosımsha aynası ashıladı. **«Moy kompyuter»** aynası ashılg'anda, onda fayllar strukturasının' joqarı bag'anası ko'setiledi. Barlıq ashıw mu'mkin bolg'an diskler ku'lren' ob'ektler bolıp, qalg'an resurslar — sarı katalog ko'rinisinde payda boladı.

Eger (S:) disk belgisi u'stinde mıshtın' shep tu'ymesi bir ma'rte basılsa, aynanın' to'mengi bo'liminde jaylasqan jag'day qatarında disktegi bos orın mug'darı ko'rsetiledi.

Disktegi fayllar ha'm kataloglardı ko'rip shıg'ıw ushın disktin' su'wretshesi u'stinde mıshtı eki ma'rte basamız. Na'tiyjede aynada disk ishindegi informatsiya payda boladı. Eger disk ishindegi katalog u'stinde mısh eki ma'rte basılsa, ayna o'zgerip, monitor ekranında *katalog* ishindegi informatsiya payda boladı. Basqa ob'ektlerde de eki ma'rte mıshtı basıw mu'mkin:
eger bul qosımsha bolsa — qosımsha iske tu'sedi;
eger bul hu'jjet bolsa — sa'ykes qosımshadag'ı hu'jjet ashıladı.

Fayllı strukturanın' bag'anaların ko'rsetiw ushın ekrang'a **«Panel instrumentov»** ti shıg'arıw mu'mkin. Bunin' ushın **«Vid»** menyuinen **«Panel instrumentov»** buyrıg'ın tan'lan'. Bir neshe u'skeneler ko'rsetilgen qatar shıg'adı. Keyin **«Perexod na odin uroven vverx»** sarı piktogrammasın basıp, aldıng'ı bag'anag'a o'tin'.

**«Adres»** qatarınan tu'rli disklerge, kataloglarg'a, u'lken kataloglarg'a o'tiw ushın alternativ usıl isletiliwi mu'mkin. Bunın' ushın Siz adres qatarı aqırında turg'an **«Vniz»** ko'rsetkishin bassan'ız, tu'rli diskler ha'm kataloglar dizimi shıg'adı. Kerekli ob'ekt u'stinde mıshtı bassan'ız, aynada ob'ekttegi informatsiya ko'rsetiledi.

Siz ayna ishindegi ob'ektler ko'rinisleniwi tu'rlerin **«Vid»** menyuin yaki u'skeneler panelinin' on' ta'repinde jaylasqan to'rt piktogrammanı isletip o'zgertiwin'iz mu'mkin. Olar to'mendegiler: **«Krupnıe znachki»**, **«Melkie znachki »**, **«Spisok»** ha'm **«Tablitsa»**

**«Moy kompyuter»** de ob'ektler ko'rinisleniwi ta'rtibin o'zgertiwdin' eki usıli bar:

**«Vid»** menyuindegi **«Uporyadochit znachki»** diziminde ob'ektler tan'lanıwının' sha'rtlerin tan'law kerek.

— **«Tablitsa»** rejiminde ha'r bir u'stinnin' to'besinde **«İmya»**, **«Razmer»**, **«Tip»** ha'm **«İzmenën»** tu'ymesheleri keltirilgen.

• U'stinnin' zagalovkasında sa'ykes o'sip barıw yaki kemeyiw ta'rtibinde ob'ektlerdi tan'law ushın kerekli tu'ymesheni basıw kerek.

**«Vid»** menyuinde **«KakWeb stranitsa»** buyrug'i bar, onı aktivlestirip, qosımshanı Web betindey u'skenelew mu'mkin.

**«Fayl»** menyuinde fayllar, kataloglar, diskler menen isleytug'ın buyrıqlar jıynalg'an: **«Otkrıt»**, **«Nayti»**, **«Formatirovat»**, **«Svoystva»** ha'm t.b.

**«Pravka»** menyuinde formatlaw jıynalg'an: **«Kopirovat»**, **«Vstavit»**, **«Vırezat»**, **«Vıdelit»** ha'm t.b.

**«Perexod»** menyuinde o'tiw buyrıqları jıynalg'an: **«Nazad»**, **«Vpered»**, **«Na odin uroven vverx»**, **«Na domashnyuyu stranitsu»**, **«Putevoditel po kanalam»**, **«Poisk v Web»** ha'm t..b

**«İzbrannoe»** menyuinde Sizge Internet xızmetlerin isletiw imkanın beretug'ın buyrıqlar jıynalg'an.

**«Spravka»** menyuinde qosımshalar ha'mde sistema boyınsha o'zin'izdi qızıqtırg'an sorawlarg'a juwap tabıwın'ız mu'mkin.

**«Moy kompyuter»** qosımshasın u'yreniw protsesinde Siz anıy bir ma'seleni sheshiwshi fayllar ayrıqsha kataloglarda ja'mlengenin ko'rdin'iz. Endi jan'a, ma'selen, Sizin' fayllarınizdı saqlaytug'ın katalog jaratamız. Bunin' ushın kompyuter ekranında keltirilgen ayna payda bolg'anda, C: diski belgisi u'stinde eki ma'rte mısh basıladı. Son, **«Fayl»** menyuinde **«Sozdat»** buyrug'i aktivlestiriledi. Payda bolg'an dizimnen **«Papka»** qatarı tan'lanadı.

Payda bolg'an aynada o'zin'iz qa'legen attı kiritesiz ha'm, a'lbette, ENTER tu'ymesi menen tastıyıqlaysız. Katalog tayar. Usı katalogqa ba'zı fayllardı ko'shiriw ushın basqa katalogtag'ı yaki disktegi kerekli fayllar belgilenip, **«Pravka»** menyuindegi **«Kopirovat»** buyrug'i ja'rdeminde nusqa alınad ha'mde **«Pravka»** menyuindegi **«Vstavit»** buyrug'i ja'rdeminde sol katalogqa kiritiledi. Bul a'meldi u'skeneler panelinde jaylasqan piktogrammalar ja'rdeminde de orınlaw mu'mkin.

**«Fayl»** menyuindegi **«Formatirovat»** buyrug'i ja'rdeminde disketalardı formatlaw mu'mkin. Formatlaw protsesi tamamlang'annan keyin ekranda informatsiya aynası shıg'adı. Onnan Siz disketada qansha buzılg'an orın barlıg'ın bilip alıwın'ız mu'mkin.

Disketalarg'a informatsiya jazıwdan aldın yaki qattı disktin' buzılg'an orınların tekseriw ushın **«Proverka diska»** qosımshası isletiledi. Onı iske tu'siriw ushın **«Pusk»** tu'ymesi basılıp, **«Programmı / Standartnıe/ Slujebnıe/ Proverka diska»** izbe-izligi orılanadı. Tekseriw protsesinde anıqlang'an buzılg'an sektorlar sol qosımsha ta'repinen bir jola du'zetip ketiledi.

## **«PROVODNIK»** (BASLAWSHI) qosımshası menen islew

**«Provodnik»** qosımshası Windows operatsion sisteması standart programmaları quramına kiriwshi programma bolıp, disk ha'm fayllar menen islewdi an'satlastırw ushın xizmet qıladı.

**«Provodnik»** qosımshasında kompyuterdegi bar informatsiyalardın' fayllı strukturasın ierarxiyalıq formada ko'riw mu'mkin.

**«Provodnik»** qosımshası **«Moy kompyuter»** qosımshasına uqsas bolıp, tek **«Servis»** menyui barlıg'ı menen parq qıladı. **«Provodnik»** menyuinde to'mendegi bo'limler bar:

**Fayl, Pravka, Vid, Perexod, İzbrannoe, Servis, Spravka.**

**«Servis»** menyui ja'rdeminde fayllardı izlew mu'mkin. Bul a'mel **«Pusk»** tu'ymesi arqalı shıg'arılatug'ın **«Poisk»** optsiyasında da orılanadı. Bul menyude tarmaq diskin jalg'aw ha'm alıp taslaw a'melleri de orılanadı.

Basqa programmalar kibi **«Provodnik»** programması da o'zinin' aynasın jabıw, o'lshemin o'zgertiw, jasırıw tu'ymeleri ha'mde o'z menyuine iye. Ayna eki: on ha'm shep bo'leklerdan ibarat. Shep bo'lekte disk ha'm kataloglar dizimi, on' bo'lekte bolsa shep bo'lekten tan'lang'an ob'ektler ishinde bar katalog ha'm fayllar dizimi jaylastırıladı. Shep bo'lekte ob'ektler aldında «+» belgi jaylasqanı usı disk yaki katalog ishinde katalog jaylasqanın bildiredi. Bul belgi u'stinde mıshtın' shep tu'ymesi basılsa «—» belgige aylanadı ha'm dizimnen ishki kataloglar atları da orın aladı. Papka ishinde bir neshe ishpe-ish jaylasqan papkalar bolıwı mu'mkin. «—» belginin' u'stinde mıshtın' shep tu'ymesi basılsa belgi ja'ne «+» belgige aylanadı.

# §4. MICROSOFT WORD TEKST REDAKTORI

Reje:

1. Microsoft Word tekst redaktorı haqqında tu’sinik.
2. Microsoft Word aynası
3. Hu’jjetlerdi jaratıw
4. Hu’jjetlerdi saqlaw
5. Hu’jjetlerdi baspag’a shıg’arıw

Microsoft Word tekstler redaktorı ko’p a’melli programmadan ibarat tekst redaktorı bolıp, Microsoft Office XP paketinin’ tiykarg’ı programmalarınan biri esaplanadı. Tekstti redaktorlawdın’ tiykarg’ı basqıshların to’mendegishe aytıp o’tiw mu’mkin: hu’jjetti jaratıw, saqlaw, o’zgertiw, bezew, bir neshe hu’jjetten bir pu’tin xujjet jaratıw ha’m t.b.

Usı tekst redaktorının’ imkaniyatların to’mende keltirilgen ba’zı a’mellerden de biliw mu’mkin:

- Teksttin’ orfografiyası ha’m grammatikasın tekseriw.
- Tablitsalar menen islew, olardın’ shegaraları ha’m ishki ren’in tan’law.
- Su’wret sızıw.
- Elektron hu’jjetlerdi jaratıw, saqlaw, redaktorlaw ha’m t.b.
- Elektron poshta qutısınan alıng’an xabarlardı redaktorlaw ha’m basqa imkaniyatlar kiredi.

Word XP tekst redaktorın iske tu’siriw uchın jumıs stolındag’ı onın’ yarlıgın, yag’nıy to’mendegi su’wrettin’ u’stine mısh ko’rsetkishin alıp kelip, shep tu’ymesin eki ma’rte tezlikte basın’. Eger bul su’wretti jumıs stolınan taba almasan’ız, ekrannın' to’mengi bo’liminde jaylasqan qatar (Ma’seleler panelin) degi **«Pusk»** menyui u’stine mısh ko’rsetkishin alıp kelip shep tu’ymesin bir ma’rte basın’. Natiyjede to’mendegi ayna payda boladı. Ashılg’an menyudan **«Programmı»** bo’limin, son’ on’ ta’repte payda bolg’an dizimnen **Microsoft Word** qatarın tanlan’ ha’m mıshtın’ shep tu’ymesin bir ma’rte basın’. Bul a’mellerdi orınlag’annan son’ Word XP tekst redaktorı iske tu’sedi ha’m Microsoft Word interfeysi aynası payda boladı.

Qolaylıq jaratıw maqsetinde ba’zı atamalardı kelisip alıwımız lazım. «Mıshtın’ shep tu’ymesin basamız» so’zin «mıshtı basamız» dep aytamız. Egerde mıshtın’ on’ tu’ymesin isletiw zaru’rligi tuwılıp qalsa, bul jag’daydı o’z aldına aytıp o’temiz. Bir buyrıqtı, so’zdi yaki tu’ymeni «aktivlestiremiz» («aktivlashtiremiz») degende olar u’stine mısh ko’rsetkishin alıp kelip, shep tu’ymesin bir ma’rte basıw na’zerde tutıladı.

1) Aynanın’ en’ joqarısında programma atı jazılg’an qatar bar (1). Usı qatardın’ on’ ta’repinde, mu’yeshte u’sh basqarıw piktogrammaları (ramziy belgiler) jaylasqan (2):



Olardan birinshisi — **«Svernut»** atlı piktogramma. Eger onın’ u’stinde mısh basılsa, qosımsha aynası ma’seleler paneli qatarına (**«Pusk»** tu’ymesi jaylasqan qatarg’a) to’rtmu’yeshlik formasındag’I tu’yme ko’rinisinde (aynaday) jıynap alınadı. Mıshtın’ shep tu’ymesin «ayna» u’stinde bir ma’rte basıw aynanın’ aldıng’ı o’lshemin ha’m jaylasıwın tikleydi.

Ekinshisi — **«Razvernut»** tu’ymesi. Eger onın’ u’stinde mısh basılsa, qosımsha aynası pu’tin ekrang’a (yaki hujjet aynası pu’tin qosımsha aynasına) jayıp taslanadı. Sog’an a’hmiyet beriw kerek, m’seleler paneli ayna ul’keygen halda ko’rinip turadı. **«Razvernut»** piktogramması u’stinde mısh bir ma’rte basılg’annan keyin eski piktogramma ornına jan’a, eki u’stpe-u’st jaylasqan kvadrat formadag’ı piktogramma payda boladı. Payda bolg’anpiktogrammanın' u’stinde mısh basılsa, ayna aldıng’ı jag’dayına qaytadı.

U’shinshisi — **«Zakrıt»** piktogramması. Ol sol qosımsha aynasın jabadı ha’m orınlanıp atırg’an jumıstın’ saqlap qalınbag’an natiyjelerin saqlaydı. Word XP tı jabıw ushın ko’rip shıg’ılg’an birinshi qatar basında jaylasqan qosımshanın’ sistema menyui tu’ymesin eki ma’rte basıw da mu’mkin.




2) Aynadag’ı keyingi qatar — Menyolar qatarı (3):

Onda ko’rsetilgen menyu tu’rlerinin’ qa’legen biri u’stinde mısh ko’rsetkishin keltirip, shep tu’ymesi basılsa, orınlanıwı mu’mkin bolg’an a’meliy buyrıqlar dizimi shıg’adı. Tan’ap alıng’an a’meliy buyrıq orınlanıwı ushın onın’ u’stinde mıshtı bir ma’rte basıw za’ru’r.

Barlıq menyu tu’rlerine qaraslı a’meliy buyrıqlardın’ tez-tez isletiletug’ınları an’sat tan’lanatug’ın piktogrammalar menen belgilanip arnawlı standart: ha’mde: formatlaw u’skeneler panellerine jaylastırılg’an.




Aynanın’ shetlerinde vertikal ha’m gorizontal ha’reketlendiriw tasmaların ko’riw mu’mkin (4). Bul tasmalar hu’jjettin’ ekrang’a sıymag’an bo’limin ko’riw imkanın beredi.

Gorizontal tasmada jaylasqan shep ta’reptegi ushmu’yeshlik u’stinde mıshtın’ ko’rsetkishi basılsa, hu’jjettin’ shep ta’repi, on’ ta’reptegi u’shmu’yeshlik u’stinde mıshtın’ ko’rsetkishi basılsa — hu’jjettin’ on’ ta’repi ko’rsetiledi.
Vertikal tasmadagi tepaga va to’menge karagan u’shmu’yeshliklar teksttin’ yunalishlariga mos bo’limdi kursatib beriledi.Tasmada jaylasqan tu’ymelerdin’ eki shettegisi sa’ykes rawishte aldıng’ı betke o’tiw ha’m keyingi betke o’tiw a’mellerin orınlaydı. Klaviaturada bul a’meldi Page Up ha’m Page Doun tu’ymeleri orınlaydı. Ortada jaylasqan tu’yme basılsa, ekranda to’mendegi tablitsa payda boladı

Bul tablitsanın’ ha’r bir yasheykası ma’lim bir buyrıq piktogramması. Bul tu’yme usı buyrıqlarg’a tez o’tiw ushın islutiludi.

3) Aynanın’ to’mengi bo’liminde jag’day qatarı (5) jaylasqan bolıp, onda hu’jjet neshe betten ibaratlıg’ı, ekranda hu’jjettin’ nesinshi beti ko’rsetilgeni, kursor neshinshi qatar, neshinshi orında turg’anlıg’ı haqqındagı ha’m basqa ma’glıwmatlar ko’rsetiledi.




Word aynası ishinde hu’jjet aynası jaylasqan. Onın’ da en’ joqarısında hu’jjet atı ko’rsetilgen qatar bar, mu’yeshte bolsa sizge tanıs bolg’an piktogrammalar jaylasqan.

Bul aynada gorizontal ha’m vertikal sızıqlar bar. Sızıqtın’ aq bo’limi qag’azdag’ı tekst jaylasıwı oblastı. To’mengi eki **«zajim»** ja’rdeminde bul oblast shegaraları o’zgertiledi. Joqarıdag’ı **«zajim»** bolsa xat bası ornın ko’rsetedi. Onın’ jaylasıwın da o’zgertiw mu’mkin.

Gorizontal tasmalar qatarı basında to’rt piktogramma jaylasqan. Olar hu’jjet ko’rinisinin’ bir jag’daydan ekinshisine tez o’tiw piktogrammaları.



**Hu’jjetlerdi jaratıw**

Da’slep tekst nelerden quraladı onın’ elementleri qaysılar kibi sorawlarg’a juwap berip o’temiz.

*Tekst* — simvol, so’z, qatar, abzats, bet kibilerden du’zilgen.

*Simvol (belgi)* — bul teksttin’ en’ kishi elementi. Ol o’lshew, jazılıw usılı (a’piwayı, qalın’, jazba, sızıqlı), ren’, shrift, pozitsiya kibi qa’siyetlerge iye.

Simvollar izbe-izligi to’mendegi ob’ektlerdi quraydı: so’z, abzats, tekst beti.

*So’z* — bul eki ta’repten ajıratıwshı simvollar (bos simvol, toshka, vergul ha’m t.b.) menen shegaralang’an simvollar izbe-izligi. Keltirilgen qa’siyetlerge qosımsha: birinshi simvol barlıg’ı ha’mde simvollar sanı sheklengenligi (so’z uzınlıg’ı).

*Qatar* — usı atlı kod penen tamamlang’an simvollar izbe-izligi. Qosimsha qa’siyetler: qatar bası ha’m aqırı, tekstte qatar ta’rtip raqamı, qatar uzınlıg’ı, qatardın’ shep ha’m on’ shegarası barlıg’ı.

*Parsha* — teksttin’ belgilep alıng’an bo’limi.

*Abzats* — abzats belgisi menen ajıratılg’an simvollar izbe-izligi. Abzats simvolı baspag’a shıg’arılmaydı, tekstke ENTER tu’ymesi basılg’anda kiritiledi. Abzatstın’ qosımsha qa’siyetleri: shep ha’m on’ shegaraları, abzats basındag’ı jıljıw, qatarlar sanı, qatarlar ortasındag’ı interval, bettegi jaylasıwı.

*Bet*— bul bet kodı menen tamamlanıwshı qatarlar toplamı. Qosimsha qa’siyetleri: bet ta’rtip raqamı, bettegi qatarlar sanı.

Tiykarg’ı global ob’ekt — teksttin’ o’zi. Qosımsha qa’siyetleri: tekst bası ha’m aqırı, teksttegi qatarlar sanı, teksttin’ bette jaylasıwı.

Kompyuterge tekst kiritiw qag’ıydaları to’mendegishe:

- Simvol kursor turg’an orıng’a kiritiledi.
- Mısh ko’rsetkishi kursordı kerekli orıng’a tez alıp barıw ushın isletiledi ha’m tekst teriw protsesinde qatnaspaydı.
- **ENTER** tu’ymesin tek abzats aqırında basıw za’ru’r.
- Tekstti ortag’a jaylastırıw, abzats jılјıwın to’mengi ha’m tekstti bir ta’repke su’riw ushın **«Probel»** tu’ymesinen paydalanıw usınıs etilmeydi.
- Tekst teriw protsesinde onı tez-tez yadta saqlap turıw lazım.
- Betlerde ta’rtip raqamı klaviaturadan kiritilmeydi.
- Toshka ha’m u’tirden aldın bos simvol qoyıw usınıs etilmeydi.

Endi tekstte ha’reketleniw ushın isletiletug’ın tiykarg’ı tu’ymelerdi ko’rip shıg’ayıq:

*Bir bos qatar kiritiw* ushın kursordı aldıng’ı qatardın’ aqırg’ı simvolınan keyin to’menge, ENTER tu’ymesi basıladı.

*Bir qatardı ekige bo’liw* ushın jan’a qatar bashlanıwı kerek bolg’an pozitsiyag’a kursordı alıp barıp, ENTER tu’ymesi basıladı.

*Eki qatardı birlestiriw* ushın kursordı birinshi qatardın’ aqırg’ı simvolınan keyin, Delete tu’ymesi basıladı.

Word tekst redaktorında jan’a hu’jjetler jaratıw bir neshe usıllar menen a’melge asırıladı:

1. Standart piktogrammalar qatar piktogramması u’stinde mısh basıladı. Ekranda «taza qog’az» payda boladı. Jan’a hu’jjet ashılıwın aynanın’ bet qatarında Dokument so’zi janındag’ı ta’rtip raqamının’ o’zgeriwinen bilemiz.

2. Tap usı a'meldi **«Fayl»** menyuindegi **«Sozdat»** buyrıg'ı arqalı da a'melge asırıw mu'mkin. Bul jag'dayda ekranda to'mendegi ayna payda boladı.

Bul aynalardı soraw-juwap (dialog) aynaları dep ataydı. Bul aynada sistema sizge bir neshe shablonlardı usınıs etedi. Ma'selen, esabatlar forması, fakslar, xatlar, jazıwlar ha'm basqa hu'jjetler shablonları usı jerde ja'mlengen. Siz o'z esabatın'ızdı bar shablong'a salıp jaratıwın'ız mu'mkin.

Jazıw mashinkasında tekst jazılg'anda qag'azg'a shegara qoyıladı. Bunda karetka ma'lim orıng'a kelgennen keyin, qatardan qatarg'a avtomatik ra'wishte o'tedi. Sog'an uqsas a'mellerdi WORDta orınlaw ushın **«Fayl»** menyuinen orın alg'an **«Parametrı stranitsı»** buyrıg'ın isletiw lazım.




Payda bolg'an aynanın' **«Polya»** bo'liminde qag'azg'a shegaralar (joqarı, to'mengi, shep, on' ta'replerden) qoyıladı. Bunın' ushın ha'r bir aynanın' janında joqarıg'a ha'm to'menge qarag'an u'shmu'yeshlikler bar. Olar sa'ykes ra'wishte shegara enin asıradı ha'm kemeytedi

**«Pereplet»** aynasında qaplaw ushın orın qaldırıladı. **Ot kraya do kolontitula** bo'liminde bettin' shetinen bettin' ta'rtip raqamı jazılıwı kerek bolg'an orıng'a shekem aralıq ko'rsetiledi.

**«Zerkalnıe Polya»** jazıwı aldına belgi qoysan'ız, hu'jjette betler kitaptag'ı kibi bir-birine mas ko'rsetiledi.

Hu'jjettin' bir bo'limi ushın maydanlardı o'zgertiw kerek bolsa, usı betlerdi belgilep (Bunın' ushın usı bo'lim baslang'an orınnan, klaviaturadag'ı Shift tu'ymesin bosqan halda klaviaturadan to'menge qarag'an ko'rsetkish tu'ymesin basıp, kerekli pozitsiyag'a shekem alıp borıw za'ru'r), Fayl menyuindegi **«Parametrı stranitsı»** aynasının' **«Polya»** bo'liminde shegaralardı belgilew kerek. Son' **«Primenit»** diziminen **«K vıdelennomu tekstu»** parametrin tan'law lazım. Belgilengen betlerden aldın ha'm keyin avtomatik tarizde bo'lim u'ziliw belgileri qoyıladı. Eger hu'jjet bo'limlerine bo'lingen bolsa, kerekli bo'lim u'stinde mıshtı bir ma'rte basıw kerek yaki bir neshe bo'limdi belgilep, maydanlardı o'zgertiw kerek.

Ha'r waqıtta bir qıylı shegara qollasan'ız, bir ma'rte shegaralardı ornatıp, **«Po umolchaniyu»** piktogrammasın mısh ja'rdeminde aktivlestirip qoyın'. Keyingi hu'jjetler jaratıw protsesinde bet shegaralın o'zin'giz o'zgertiw kiritpegenin'izshe o'zgermesten turadı.

Joqarıdag'ı aynanın' **«Razmer bumagi»** bo'liminde qag'az o'lshemi, onın' jag'dayı (gorizontal jaylasıw, vertikal jaylasıw) o'zgertiledi.

A4 formatı (210x297mm) qag'azdan (Siz kurs isleri, referatlar, diplom isleri ushın isletetug'ın qag'az) ko'p paydalanıladı. Usı qag'azdın' ten' yarımı— A5 formattı, ekewi bolsa— A3 formatın quraydı.

Qag'azg'a tekstti tuwrı ha'm ko'ndelen' jag'daylarda basıp shıg'arıw mu'mkin. Bunı **«Orientatsiya»** bo'liminde anıqlap ketiw za'ru'r. **«Knijnaya»** — tuwrı basıp shıg'arıwdı, **«Albomnaya»** — ko'ndelen' basıp shıg'arıwdı an'latadı.

Jazıw mashinkasınan parqı, kompyuterde bir neshe qıylı shriftler bar. Formatlaw panelinde jaylasqan aynası janındag'ı u'shmu'yeshlikti basıp shriftler dizimin shıg'arıp, kerekli shrift tan'lanadı ha'm ol aktivlestiriledi. Bul aynanın' janında shriftler o'lshemi aynası jaylasqan. Onnan joqarıdag'ı usıl menen kerekli o'lshemdi tan'lap alıp, son' alfavit tu'rin tan'law kerek.Klaviaturada eki qıylı: kirill ha'm latın ha'ripleri bar. Kereklisin tan'lap alıw ushın ekrannın' to'mende jaylasqan ma'seleler panelindegi klaviatura indikatorı u'stine mıshtı alıp barıp, dizim ashıladı ha'm payda bolg'an dizimnen kerekli alfavit tan'lap alınadı.

**Hu'jjetlerdi saqlaw**

Hu'jjet tayar bolg'annan son' onı saqlap qoyıw lazım. Bunın' ushın **«Fayl»** menyuindegi **«Soxranit kak»**




buyrug'ın isletemiz:

Ekranda payda bolg'an aynanı analiz etip shıg'ayıq. Papka aynasında hu'jjetti eslep qalıw lazım bolg'an katalog yaki disk atı turadı. Su'wrette **«Moi Dokumentı»** katalogi keltirilgen. Eger dizimnen katalogtın' atı almastırılmasa, kompyuter ha'miyshe hu'jjetti **«Moi Dokumentı»** katalogına saqlaydı. Eger hu'jjetti disketada saqlaw talap etilse, dizimnen disk atı tan'lap alınadı (Disk 3,5 A).

**«İmya fayla»** aynasında hu'jjetke at beriledi. Onı kirill yaki latın alipbesinde beriwin'iz mu'mkin. At bir so'zden; ga'pten, sannan ibarat bolıwı mu'mkin. **«Tip fayla»** aynasida fayl tu'ri tan'lanadı. Ol doc, rtf, html fayl yaki Word redaktorının' aldıng'ı versiyalarında saqlanıwı mu'mkin.

Barlıq za'ru'r mag'lıwmatlar kiritilgennen son', «**Soxranit**» tu'ymesi basıladı. Eger qandayda bir qa'telik o'tip ketken bolsa, **«Otmena»** tu'ymesi basıladı.

**«Papka»** aynasınan keyin jaylasqan piktogrammalar to'mendegilerdi bildiredi:



— bir bag'ana joqarı o'tiw, yag'nıy katalogtın' ishinen joqarı qatlamg'a shıg'ıw;
— **«İzbrannoe»** katalogın tan'law;
— jan'a katalog jaratıw;
— katalog ha'm fayllardı dizim ko'rinisinde su'wretleydi;
— katalog ha'm fayllardı tablitsa ko'rinisinde (ko'lemi, jaratılg'an sa'nesi, waqtı ha'm t.b.) su'wretlew;
— katalog ha'm fayllardın' qa'siyetlerin payda etiw;
— buyrıqlar ha'm rejimler piktogramması.

Bul hu'jjetti qayta islew tamamlang'annan keyin onı jabıw za'ru'rligi tuwıladı. Bunın' ushın **«Fayl»** menyuindegi **«Zakrıt»** buyrug'ın aktivlestiriw lazım.

Programma jumısın tamamlamastan barlıq ashılg'an fayllardı jabıw ushın SHIFT tu'ymesin basıp, **«Fayl»** menyuinde **«Zakrıt vse»** buyrug'ın aktivlestiriw kerek.

**Hu'jjetlerdi baspag'a shıg'arıw**

Hu'jjetti baspag'a shıg'arıwdan aldın, ol qag'azda qanday jaylasıwın aldınnan ko'rip qoyıw maqsetke muwapıq. Bunday imkaniyattı **«Predvaritelnıy prosmotr»** buyrug'ı jaratıp beredi. Da'slepki ko'riw rejimine usı piktogramma arqalı da kiriw mu'mkin. Da'stlepki ko'riw rejiminen shıg'ıw ushın payda bolg'an aynanın' piktogrammalar qatarında **«Zakrıt»** piktogrammasın ishletiw za'ru'r.

Hu'jjetti basıp shıg'arıw ushın **«Fayl»** menyuının' **«Pechat»** buyrug'ı aktivlestiriledi. Natiyjede to'mendegi ayna payda boladı .




Eger bul hu'jettin' tek ma'lim bo'limin (bir neshe betti) basıp shıg'arıw za'ru'r bolsa, bul betlerdi **«Stranitsı»** bo'liminde ko'rsetiw kerek. Ma'selen, **«Nomera»** elementi tan'lan'g'anda basıp etiliwi lazım bolg'an bet yaki bir neshe bettin' raqamları ko'rsetiledi.

Eger bir bettin' ma'lim bo'limin basıp shıg'arıw lazım bolsa, kerekli bo'limdi belgilep, joqarıdag'ı aynada **«Vıdelennıy fragment»** qatarı aldındag'ı shen'berde belgi qoyıladı.

**«Chislo kopiy»** aynasında nusqalar sanın aldınnan belgilep qoyıw mu'mkin.

Bir neshe nusqada basıp shıg'arılıp atırg'an hu'jjettin' da'slep birinshi betinin' barlıq nusqaları, keyin basqasının' barlıq nusqaların basıp shıg'arıw za'ru'r bolsa, joqarıdag'ı belgini alıp taslaw kerek.

Tek tok yaki jup betlerdi basıp shıg'arıw ushın **«Fayl»** menyuinen **«Pechat»** buyrug'ın tan'law kerek. Son' **«Vıvesti na pechat»** diziminen **«Nechetnıe stranitsı»** yaki **«Chetnıe stranitsı»** belgisin tan'law lazım.

Bir jola bir neshe hu'jjetti basıp shıg'arıw ushın **«Otkrıt»** tu'ymesi basıladı. **«Papka»** diziminen kerekli hu'jjetler saqlanatug'ın katalog tan'lanadı. Basıp shıg'arıw lazım bolg'an hu'jjetler belgilenedi. **«Komandı i rejimı»** tu'ymesin basıp, son' **«Pechat»** tu'ymesi yamasa buyrug'ı tan'lanadı.

Bar hu'jjetti tolıq basıp shıg'arıw ushın standart u'skeneler paneli qatarındag'ı piktogramması tan'lanadı.

## §4. HU'JJETLERDI REDAKTORLAW HA'M FORMATLAW

Reje:

1. Microsoft Word hu'jjetlerdi redaktorlaw
2. Microsoft Word hu'jjetlerdi formatlaw
3. Tekstke qosimsha mag'lıwmatlar kiritiw

Bar hu'jjetti redaktorlaw ushın Word programmasında ayrıqsha buyrıqlar toplamı kiritilgen. Olardın' barlıg'ı **«Pravka»** menyuinde ja'mlengen.

Su'wretlerden yaki tekstten nusqa alıw, ornın o'zgertiw mu'mkin. Tekst ha'm su'wretlerdi bir hu'jjettine o'zinde, sondayaq, bir hu'jjetten basqasına, ha'tte basqa betke ko'shiriw ha'm olardan nusqa alıw mu'mkin. Bul islerdi yaki a'mellerdi orınlawdan aldın tekst ha'm su'wretler belgilep alınadı.

*Tekst ha'm su'wretlerdi mısh ja'rdeminde belgilew:*

· teksttin' qa'legen bo'limin ajıratıw ushın jıljıtıw a'melin isletiw kerek;

· so'zdi belgilew ushın kursordı so'z u'stine alıp kelip, mıshtın' shep tu'ymesin eki ma'rte basıw kerek;

· su'wretti ajıratıw ushın kursordı su'wret u'stine alıp kelip mıshtın' shep tu'ymesin eki ma'rte basıw kerek

· teksttin' qatarın belgilew ushın kursordı qatardın' shep shetine alıp kelip, ol on'g'a bag'ıtlang'an strelka formasın qabıl qılg'annan keyin, mıshtın' shep tu'ymesin bir ma'rte basıw kerek;

· teksttin' bir neshe qatarın belgilew ushın kursordı qatardın' shep shetine alıp kelip, ol on'g'a bag'ıtlang'an strelka formasın qabıl qılg'annan keyin, kursordı to'menge yaki joqarıg'a jıljıtıw kerek;

· gapt belgilew ushın CTRL tu'ymesin basip turg'an halda ga'p u'stinde mıshtın' shep tu'ymesin bir ma'rte basıw kerek;

· abzatstı belgilew ushın onın' shep jag'ına kursordı alıp kelib, ol on'g'a bag'ıtlang'an strelka formasın qabıl qılg'annan keyin mıshtın' shep tu'ymesin eki ma'rte basıw kerek; ja'ne bir usılı — abzats u'stine kursordı alıp kelib, mıshtın' shep tu'ymesin ush ma'rte basıw;

· pu'tin hu'jjetti belgilew ushın kursordı teksttin' shep shetine alıp kelip, ol on'g'a bag'ıtlang'an strelka formasın qabıl qılg'annan keyin mıshtın' shep tu'ymesin ush ma'rte basıw kerek;

· kolontitullardı belgilew ushın «**Vid**» menyuindegi «**Kolontitulı**» buyrug'ın tanlaw kerek; «**Razmetka**» jag'dayında turıp, kolontitullar teksti u'stine kursordı alıp kelip, mıshtın' shep tu'ymesin eki ma'rte basıw kerek; son' kolontituldın' shep qaptalına alıp kelip, ol on'g'a bag'ıtlang'an strelka formasın qabıl qılg'annan son', mıshtın' shep tu'ymesin u'sh ma'rte basıw kerek;

· tu'sindirmeler ha'm snoskalardı belgilew ushın aynanın' sa'ykes oblastında mıshtı basıp, ko'rsetkishti teksttin' shep jag'ına alıp kelip, ol on'g'a bag'ıtlang'an strelka formasın qabıl qılg'annan son', mıshtı u'sh ma'rte basıw kerek;

· teksttin' vertikal blogin (tablitsa yasheykası ishindegi tekstten tısqarı) belgilew ushın jıljıtıw dawamında ALT tu'ymesin basıp turıw kerek.

*A'mellerdi biykar qılıw.*

Biykar qılınıwı za'ru'r bolg'an a'meller dizimin shıg'arıw ushın «**Otmenit**» tu'ymesi aldındag'ı u'shmu'yeshlikli ko'rsetkish basıladı.

Mısh biykar etiliwi kerek bolg'an a'mel u'stinde bir ma'rte basıladı.

A'meldi biykar etiw protsesinde dizimde onnan aldın turg'an barlıq a'meller biykar etiledi.

Aqırg'I biykar etilgen a'meldi qayta orınlaw ushın «**Otmenit**» tu'ymesi basıladı.

*Su'wretler yaki tekst bo'legin ma'lim aralıqta yaki basqa hu'jjetke ko'shiriw, olardan nusqa alıw.*

Bunın' ushın ko'shiriliwshi yaki nusqa alınıwshı tekst bo'legi yaki su'wretti belgilep alıw kerek.

Belgilengen bo'lekti ko'shiriw ushın «**Vırezat**» tu'ymesin basıw lazım.

Belgilengen bo'lekten nusqa alıw ushın «**Kopirovat**» tu'ymesin basıw lazım.

Eger tekst yaki su'wretten basqa hu'jjetke nusqa alıw kerek bolsa — usı hu'jjetke o'tiledi. Kursordı tekst yaki su'wret kiritiletug'ın orıng'a qoyıladı. «**Vstavit**» tu'ymesi basıladı.

*Su'wretler yaki tekst bo'legin ayna isinde ko'shiriw, olardan nusqa alıw.*

Ko'shiriw ushın ko'shiriliwshi yaki nusqa alınıwshı tekst yaki su'wretti da'slep belgilep alıp, kerekli orıng'a jıljıtıw (mıshtın' shep tu'ymesi basılg'an halda belgilengen tekst bo'limin yaki su'wretti su'yrep alıp barıw) lazım. Manzilge jetkennen son' tu'yme qoyıp jiberiledi. Eger ko'rilgen halda tek nusqa alıw talap etilse, jıljıtıw datsfıtvf CTRL tu'ymesin de basıp turıw kerek.

Onnan tısqarı belgilengen bo'lekti jıljıtıw ushın mıshtın' on' tu'ymesinen paydalanıw mu'mkin. Mısh tu'ymesi qoyıp jiberilgennen son' ekranda ko'shiriw ha'm nusqa alıw buyrıqları payda boladı.

A'hmiyet bergen bolsan'ız piktogrammalardag'ı buyrıqlar toq qara (aktivlesken) yaki ku'lren' (aktivlespegen) halda boladı. Bul na'rse tekst belgilengen yaki belgilenbegenligine baylanıslı. Aktivlespegen buyrıqlar orınlanbaydı.

«**Pravka**» menyuindegi «**Ochistit**» ha'm «**Vıdelit vse**» buyrıqlarında toqtalıp o'temiz. «**Ochistit**» buyrug'ı belgilengen tekstti, tablitsanı, su'wret, diagrammanı alıp taslaydı. «**Vıdelit vse**» buyrug'ı pu'tin tekstti, onın' ishine kirgen tablitsa, su'wret, diagrammalardı belgilep beredi.

***Tabıw, almashtırıw, o'tıw buyrıqları***

Tekstte sizdi qızıqtırıp atırg'an tekst bo'limi (so'z, ha'rip, san, ga'p, h.t.b.) bar yaki joqlıg'ın anıqlaw «**Pravka**» menyuindegi «**Nayti**» buyrugı ja'rdeminde a'melge asırıladı:

Bunın' ushın usı aynanın' «**Nayti**» aynasına izlenip atırg'an tekst bo'limi kiritiledi. Son' «**Nayti dalee**» tu'ymesi basılsa, kursor izlenip atırg'an tekst bo'limi birinshi ma'rte ushırag'an orıng'a o'tip aladı.

«**Pravka**» menyuindegi «**Zamenit**» buyrug'ı joqarıda keltirilgen aynanın' almashtiriw bo'limin ashıp beredi.

«**Zamenit na**» aynasında jan'a tekst bo'limi kiritiledi ha'm «**Zamenit**» tu'ymesi basıladı. Eger tekst bo'limi redaktorlanıp atırg'an teksttin' barlıq ushırag'an oukshtvu jan'a tekst ishedshshtu almastırılıtsı talaz etilsu — «**Zamenit vse**» tu'ymesi basıladı.

«**Pereyti**» buyrug'ı — kursordı talap etilgen ob'ekt (anıq raqamlı bet, tu'sindirme, ssılka, qatar ha'm t.b.)g'a alıp o'tedi.

## Tekstti formatlaw

Tekstti redaktorlaw protsesinde siz, a'lbette, formatlaw ma'selelerine dus kelesiz. Formatlaw degende — tekst ma'nisin o'zgertpey turıp, onın' formasın o'zgertiw tu'siniledi. Word redaktorında formatlaw buyrıqları jıyındısı «**Format**» menyuinde jamlengen.

Menyudegi birinshi buyrıq «**Shrift**». Buyrıq orınlang'annan son' payda bolg'an aynadan ko'rinip turıptı, ol «**Shrift** », «**İnterval**» ha'm «**Animatsiya**» kibi u'sh bo'limnen ibarat.

*Shrift* bo'liminde tekstte qollanatug'ın shrift tu'ri, o'shemi, ren'i, jazılıw forması tan'lanadı. Onnan tısqarı, indekslerdi joqarıda yaki to'mende jazıw, barlıq ha'riplerdi u'lken etip yaki saya menen jazıw ha'm basqa a'meller orınlanadı. Barlıq parametrler tan'lang'annan son' OK tu'ymesi basıladı. «**Po umolchaniyu**» tu'ymesi — kompyuter ha'r iske qosılg'anda da'slep tan'lang'an shrift, tan'lang'an parametrler menen (basqa buyrıq berilmegenshe) isletiliwin ta'miynleydi.

*Interval* bo'liminde ha'ripler ortasındag'ı aralıq, olardın' jıljıwı o'zgertiledi.

*Animatsiya* bo'liminde teksttin' belgilengen bo'limine animatsion effektlur qollanıladı. Bunın' ushın dizimdegi animatsiya effektlarinen biri tan'lanıp, son' OK tu'ymesi basıladı.

Keyingi buyrıq **«Abzats»** buyrugı. Onın' ja'rdeminde belgilengen abzatstın' qatarları arasındag'I aralıq dizimnen tan'lap alıw jolı menen o'zgertiledi. Usının' menen birge teksttin' shep ha'm on' shegara boyınsha, ortada, barlıq en boyınsha tegislew piktogramması ha'mde shep ha'm on'g'a oıdoıtsdfk piktogrammasıda isletiledi.

**«Spisok»** buyrug'ı orınlanıwı natiyjesinde belgilengen abzatslarg'a ta'rtip raqamları yaki markerler qosıp qoyıladı.

Bunın' ushın payda bolg'an aynada **«İzmenit»** tu'ymesi basıladı. Natiyjede ayna ko'rinisi o'zgeredi ha'm onda Marker tu'ymesin basıp, qa'legen belgini tan'lap alıw jetkilikli. Ta'rtip raqamların ornatıwda uqsas a'meller orınlanadı.

Piktogrammalar qatarında bul buyrıqqa to'mendegi su'wretsheler sa'ykes keledi.

**«Granitsı i zalivki»** buyrug'ı belgilangan tekst, abzats, bet, tablitsa yaki su'wretke shegara qoyıp, shegara ishindegi ren'di o'zgertiw imkanın beredi.

Buyrıq orınlanıwı natiyjesinde payda bolatug'ın ayna u'sh bo'limnen ibarat.

**«Granitsa»** bo'liminde shegara tu'rin **«net»** (shegarasız), **«ramka»**, **«ten»**, **«obemnaya»**, **«drugaya»**, sızıqlar tu'rin (kene, jin'ishke, punktir ha'm t.b.), sızıqlar ren'in (16 ren') ha'mde sızıqlar qalın'lıg'ın tan'law imkanı bar. **«Obrazets»** aynasında tekst u'stinde orınlanıp atırg'an barlıq a'meller natiyjesi keltirilip barıladı.

**«Stranitsa»** bo'liminde joqarıda ko'rsetilgen barlıq a'meller betke qollanıladı.

**«Zalivka»** bo'liminde ren', nag'ıs, nag'ıstın' ren'I tan'lanadı.

Bul jerde de **«Obrazets»** aynasında barlıq a'meller natiyjesi keltiriledi. Bul aynada barlıq o'zgerisler kiritilgeninen keyin, OK tu'ymesi basıladı.

**«Kolonki»** buyrug'ı bir bag'analı tekstti bir neshe bag'analı tekstke aylandırıw imkanın beredi. Bunın' ushın tekst belgileniwi, son' **«Kolonki»** buyrug'ın aktivlestiriw za'ru'r.

Payda bolg'an aynada bag'analar tu'rin tan'law mu'mkin. Tekstei basqa bir tu'rdegi bag'analarg'a bo'liw talap etilse, *Chislo kolonok* aynasında bag'analar sanın tan'law za'ru'r. Eger bir waqıttın' o'zinde bag'analardı bir-birinen sızıq penen ajıratıw lazım bolsa, *Razdelitel* so'zi janında belgisin qoyıw kerek.

Bul buyrıqqa piktogrammalar qatarında su'wret sa'ykes keledi.

**«Kolonki»** buyrug'ı ja'rdeminde kolontitullar, tu'sindirmeler, ramkalar ishindegi tekstti bag'ana ko'rinisinde su'wretlew mu'mkin emes. Bunday jag'daylarda **«Tablitsa»** menyuinen paydalanıwdı usınıs etemiz.

Tekstke qosimsha mag'lı wmatlar kiritiw

Ko'p jag'daylarda hu'jjet betlerine sa'ne (waqıt) ha'mde raqamlar qoyıw, redaktorlawshıg'a bolsa qosımsha qolaylıqlar jaratıw kerek boladı. Usı ha'm basqa imkoniyatlar **«Vstavka»** menyuinde a'melge asırıladı.

Eger hu'jjetti redaktorlaw protsesinde sizge bos bet kerek bolsa, **«Vstavka»** menyuindegi **«Razrıv»** buyrug'ın kiritiw lazım. Bos betti jan'a betten, sol betke, taq betlerge, jup betlerge qoyıw mu'mkin. Tap sol a'meller bir bag'anag'ada tiyisli.

Hu'jjet betlerine raqam qoyıw ushın **«Nomera stranits»** buyrug'ı isletiledi. Buyrıq aynasındag'ı **«polojenie»** aynasında kerekli variantti tan'laysız.

**«Nomer na pervoy stranitse»** aynasına belgisi qoyılsa, hu'jjettin' birinshi betine ta'rtip raqamı qoyıladı. Barlıq o'zgertiwler kiritilgeninen keyin OK tu'ymesi basıladı.

Hu'jjetke sa'ne qoyıw ushın **«Vstavka»** menyuindegi **«Data i vremya»** buyrug'ın isletiw lazım. **«Formatı»** aynasında sa'ne ha'm waqıt tu'rin tan'lap alıp, OK tu'ymesin basasız.

Kompyuterdin' klaviaturasına jaqsılap itibar bersen'iz, ondag'I simvollar sanı sheklengenligine isenim payda etesiz. Tekstti terip atırg'anda, ± simvolı kerek bolıp qaldı. Bunday hallarda teriwdi toqtatıp turg'an halda **«Simvol»** buyrug'ın isletin'

Zfnvf bolg'an buyrıq aynasıtan kerekli simvoldı belgilep **«Vstavit»** tu'ymesin basın'. Eger kerekli simvol tabılmasa, **«Shriftı»** aynasınan basqa shrift tan'lan'. Talab etilip atırg'an simvol a'lbette tabıladı, onı belgilep **«Vstavit»** tu'ymesin basın'. Aynanı jabıw ushın **«Zakrıt»** tu'ymesi basıladı.

**«Vstavka»** menyudag'ı **«Risunok»** buyrug'ı ja'rdeminde tekstke grafik ob'ektler kiritiw mu'mkin: su'wretler, diagrammalar, avtofiguralar, skanerde nusqa alıng'an fotosu'wretler.

Ta'rtip penen buyrıqta ushırag'an bo'limlerdi ko'rip shıg'ayıq. **«Kartinki»** bo'liminde — *Clip Callery* qosımshasınan su'wret tan'lap, kerekli orıng'a qoyıladı. Bunın' ushın su'wret kiritiliwi lazım bolg'an orıng'a mısh ko'rsetkishin alıp barın'. **«Risunok»** buyrug'ının' **«Kartinki»** bulimin aktivlestirin'.

Payda bolg'an aynada *Grafika* (Clip Art) bo'limin tan'lan'. Sizge za'ru'r bolg'an su'wretler kategoriyasın belgilep, payda bolg'an su'wretlerden birinin' u'stinde mıshtın' shep tu'ymesin eki ma'rte basın'. Su'wret kerekli orıng'a barip tu'sedi. Su'wret talap etilgen o'lshemde bolmasa, onın' u'stinde bir ma'rte mıshtı basıp, payda bolg'an ramkada kvadratshalar u'stine mısh ko'rsetkishin alıp barın', ko'rsetkish forması o'zgeredi. Mısh tu'ymesin qoyıp jibermesten kerekli ta'repke su'yren'. Son' tekst u'stinde mıshtı bir ma'rte bassan'ız, su'wret a'tirapındag'ı ramka jog'alıp ketedi.

Buyrıqtın' «**İz fayla**» bo'limi ja'rdeminde kompyuterdegi yaki disketadag'ı qa'legen katalogta jaylasqan grafik fayldı tekstke kiritiw mu'mkin.

«**Avtofigurı**» bo'limin isletsen'iz tekstke tayar geometrik formalar kiritiw imkaniyatın qolg'a kiritesiz. Ma'selen, tuwrı to'rtmu'yeshlik, shen'ber, tu'rli sızıqlar, ha'r qıylı formalı ko'rsetkishler, blok-sxemalar elementleri, juldızshalar, bayraqshalar ha'm t.b. Figuralar o'lshemin o'zgertiw talap etilse joq arıda su'wret ushın orınlag'an a'mellerdi ta'kirarlan'. Figuralar shegarasın, aylanıwın, ren'in, sayasın ha'mde ko'lemli effektlerdi qollaw ushın avtofiguranı belgilep, su'wret piktogrammaları qatarındag'ı «**Risovanie**» knopkalardan paydalanıw kerek:

1. Grafik ob'ektler ha'm tekst ortasındag'ı ta'rtipti ornatıw, grafik ob'ektlardi toparlaw, tarqatıw, qayta toparlaw, tu'rin ornatıw, tu'rdegi tegislew, bo'listiriw, aylandırıw, o'zgertiw, avtofiguralardı o'zgertiw ushın xızmet qıladı.
2. Ob'ektti tan'laydı.
3. Tan'lang'an ob'ektti qa'legen mu'yeshke aylandırıw.
4. Tayar geometrik figuralar.
5. Sızıqlar sızıw.
6. Ko'rsetkishli sızıqlar sızıw.
7. Kvadrat yaki tuwrı to'rtmu'yeshlik sızıw.
8. Ellips yaki aylana sızıw.
9. Aktiv aynada jazıw jaratıw
10. WordArt qosımshasınan paydalanıw
11. Belgilengen ob'ekt ishindegi ren'di o'zgertiw, alıp taslaw.
12. Belgilengen ob'ekt sızıqları ren'in o'zgertiw, qosıw yaki alıp taslaw.
13. Belgilengen tekst shriftinin' ren'in o'zgertiw.
14. Sızıq tu'ri (belgilengen sızıq tu'ri ha'm qalın'lıg'ın o'zgertiw).
15. Shtrix tu'ri
16. Ko'rsetkish tu'ri
17. Saya
18. Ko'lem

«**Risunok**» buyrug'ındag'I **Obekt WordArt** bo'limin isletiw ja'rdeminde tekstti shıraylı figuralarg'a keltiriw mu'mkin.

## §5. MICROSOFT WORD TA TABLITSALI HU'JJETLERDI JARATIW

Reje:
1. Word ta tablitsalar sızıw
2. Tablitsadan yasheykalardı, qatarlardı ha'm bag'analardı joq etiw
3. Kontekst menyu ja'rdeminde tablitsalardı formatlaw

Tablitsa vertikal ha'm gorizontal sızıqlardan ibarat. Olar kesisip, reshetka payda etedi. Usı reshetka ishindegi ha'r bir ketekshe yasheyka delinedi.

Qatar — bu lgorizontal sızıqta jaylasqan yasheykalar, bag'ana — bul vertikal sızıqta jaylasqan yasheykalar.

Tablitsalardan sanlardı bag'anada tegislew ushın paydalanıw mu'mkin; bul jag'dayda olardı tan'law ha'm olar u'stinde esaplaw a'mellerin orınlaw a'piwayılasadı. Sondayaq tablitsalardı teksttin' abzatsların ha'm olarg'a sa'ykes su'wretlerdi tegislewde isletiw mu'mkin. Bos tablitsanı jaratıw ushın «**Dobavit tablitsu** » piktogrammasın (standart u'skeneler panelinde jaylasqan) basıw kerek, son' za'ru'r bolg'an qatarlar ha'm bag'analar sanın mısh ko'rsetkishin jıljıtıw jolı menen belgilew kerek.

Tablitsalar mag'lıwmattı ta'rtiplew ha'm betke grafika ha'm tekstti bag'ana halatında jaylastırıw arqalı sho'lkemlestirilgen qızıq maketlur jaratıw ushın isletiledi. A'piwayı tablitsanı, ma'selen, bag'ana ha'm qatarlar sanı bir qıylı bolg'an tablitsa jaratıwdın' qısqa jolı «**Dobavit tablitsu** » tu'ymesin isletiw.

Quramalı tablitsanı, ma'selen, tu'rli biyikliktegi yasheykalardı ha'mde qatar ha'm bag'anaları ha'r qıylı bolg'an tablitsanı jaratıw ushın «**Narisovat tablitsu**» tu'ymesinen paydalanadı. Bul usıl qolda tablitsa sızıwg'a uqsaydı.

Jan'a tablitsa jaratıp, bos yasheykalardı toltırıw mu'mkin ha'm, kerisinshe, bar tekstti tablitsag'a aylandırıw mu'mkin. Sondayaq, tablitsanı bar mag'lıwmatlar ja'rdeminde, ma'selen, mag'lıwmatlar bazası yaki elektron tablitsalar ja'rdeminde du'ziw mu'mkin.

A'meldeagi tekstti tablitsag'a aylandırıw ushın onı ajıratıp alıp, son' «**Tablitsa**» menyuinde «**Preobrazovat v tablitsu**» buyrug'ın tan'law kerek.

### Tablitsadan yasheykalardı, qatarlardı ha'm bag'analardı joq etiw

Yasheykalardı o'shiriwden aldın yasheyka belgilerin ko'rsetiwshi rejimdi o'shiriwdeza'ru'r. Qatarlardı o'shiriwden aldın qatar belgileridi belgilarini rejimd o'shiriwdeza'ru'r .

O'shiriliwi za'ru'r bolg'an yasheyka, bag'ana ha'm qatar belgilenedi. «**Tablitsa**» menyuinde «**Udalit yacheyki**», «**Udalit stroki**» yaki «**Udalit stolbtsı**» buyrıqları tan'lanadı.

Yasheykalardı uchirishde za'ru'r parametr tan'lanadı ha'm joq etiledi.

*Tablitsa boyınsha jıljıw ha'm klaviaturadan kiritiw*

Tablitsanı o’zgertiw ushın u’skeneler panelindegi **«Tablitsı i granitsı»** panelin isletiw kerek. Bul u’skeneler panelin shıg’arıw ushın standart u’skeneler panelinde **«Tablitsı i granitsı»** tu’ymesin basıw kerek.

Tablitsa shegaraların o’zgertiw yaki joq etiw ushın **«Tablitsı i granitsı»** panelinde segaralardın' jan’a tu’rin, sondayaq, enin, sızıqtın’ tu’ri ha’m ren’in tan’law lazım, son’ **«narisovat tablitsu»** piktogramması ja’rdeminde jan’a shegaranı sızıw kerek. Shegaralardın’ jan’a tu’rin bir neshe yasheykag’a tez qollaw ushın yaki shegaralardı tez o’shiriw ushın paneldegi shegaralar palitrasınan paydalanıw mu’mkin (Sızıq tu’ri, sızıq eni ha’m shegara ren’i piktogrammaları). Ba’zı yasheykalarg’a dıqqattı qaratıw ushın olardın’ ishin tu’rli ren’lerge boyaw kerek. Yasheykalardın’ shegarası ha’m ishindegi ren’inin’ standart kombinatsiyasın tan’law ushın **«Avtoformat tablitsı»** tu’ymesi basılıwı kerek.

Payda bolg’an aynadag’ı dizimnen tuwrı kelgen formattı tan’law lazım. Format ko’rinisi on’ ta’reptegi bo’limde ko’rsetilip turadı.

**«Tablitsı i granitsı»** u’skeneler panelindegi tu’ymelardun quramalı tablitsalardı jaratıw ha’m redaktorlawda paydalanıw qolayıraq.

Yasheykalar arasındag’I sızıqlardı alıp taslaw ushın **«Lastik»** piktogramması basıladı, son’ o’shirgish alıp taslanatug’ın sızıq u’stinnen ju’rgizilerdi. Yasheykalardı birlestiriw yaki bo’liw ushın olardı belgilep, son’ **«Obedinit yacheyki»** yaki **«Razdelit yacheyki»** buyrıqlari tan’lanadı. Payda bolg’an sawal-juwap aynasında bir bag’ana yaki qatar ishine bo’liniwi yaki neshe qatar ha’m bag’ana birlesiwi kerekligi ko’rsetiledi.

Tablitsanın' yasheykalaridag’ı informatsiyanı alfavit boyınsha, ko’lemi ha’m sa’nesi boyınsha sortlaw mu’mkin. Tablitsadag’ı informatsiyanı sortlaw ushın da’slep sortlanatug’ın yasheykalardı belgilep alıp, keyin **«Tablitsı i granitsı»** panelindegi **«Sortirovat po vozrastaniyu»** yaki **«Sortirovat po ubıvaniyu»** piktogrammaları basıladı. Tablitsalardan esaplaw a’mellerin orınlawda da paydalanıw qolay. Ma’selen, bag’anada turg’an sanlardı qosıw ushın bul sanlardın’ astında turg’an yasheykada mıshtı bir ma’rte basıp, «**avtosumma**» piktogrammasın basıw kerek. Natiyje belgilengen yasheykag’a jaylastırıladı. Basqa tu’rdegi esaplaw a’mellerin orınlaw ushın **«Tablitsa»** menyuindegi **«Formula»** buyrug’ınan paydalanıw kerek.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

***§1 MICROSOFT WINDOWS OPERATSION SISTEMASI JUMIS STOLI HA'M AYNALARI***

WINDOWS XP grafikalı q o'nimnin' ko'rinisi, dawı s ha'm zamonago'y texnologiyaları boyı nsha jaratilg'an multimedia qosı mshalar imkaniyatları n jaqsı laydı . Universal Serial Bus (USB) shinası ja'rdeminde sı rtqı qurı lmalardı n' an'sat jalg'anı wı n tamiynleydi, televidenie ha'mde jeke kompyuterdin' imkaniyatları n birlestiriwge imkan jaratadı . 2 ***MA'SELELER PANELI HA'M BAS MENYU BO'LIMLERI*** Ma'seleler panelinde shep ta'repte «Pusk» tu'ymesi, on' ta'repte saat, klaviaturanın' indikatorları keltirilgen. Eger mısh ko'rsetkishin waqıt indikatorına alıp borılsa, sa'ne ko'rsetiledi. Egerde mıshtın' shep tu'ymesi waqıt indikatorında eki marte basılsa, «Svoystva: Data\vremya» aynası payda boladı. ***§3. FAYLLAR MENEN ISLEW*** ***MOY KOMPYUTER*** ha'm «provodnik» qosimshalari Windows XP sisteması kompyuterde mag'lı wmatlardı saqlaw strukturaları n basqarı w ha'm ko'rip shı g'ı wdı eki usı lda orı nlaydı : «Moy kompyuter» ha'm «Provodnik» qosı mshaları ja'rdeminde.

moy kompyuter qosimshasi kompyuterdin' faylli strukturasin ha'm disklerin, katalog ha'm fayllarin, usinin' menen birge, «panel upravleniya» ha'm «printeri» (baspag'a shig'ariw qurilmalari) qosimshalari aktivligin muwapiqlastirip basqariw imkaniyatlarin jaratip beredi. moy kompyuter fayllardi o'shiriw, qayta ataw, ornin o'zgertiw, olardan nusqa aliw ushin isletiliwi de mu'mkin. **§4.** ***HU'JJETLERDI REDAKTORLAW HA'M FORMATLAW*** bar hu'jjetti redaktorlaw ushin word programmasinda ayriqsha buyriiqlar toplami kiritilgen. olardin' barlig'i «pravka» menyuinde ja'mlengen.

Su'wretlerden yaki tekstten nusqa alı w, ornı n o'zgertiw mu'mkin. Tekst ha'm su'wretlerdi bir hu'jjettine o'zinde, sondayaq, bir hu'jjetten basqası na, ha'tte basqa betke ko'shiriw ha'm olardan nusqa alı w mu'mkin. Bul islerdi yaki a'mellerdi orı nlawdan aldı n tekst ha'm su'wretler belgilep alı nadı .

***5. MICROSOFT WORD TA TABLITSALI HU'JJETLERDI JARATIW*** tablitsa vertikal ha'm gorizontal siziqlardan ibarat. olar kesisip, reshetka payda etedi. usi reshetka ishindegi ha'r bir ketekshe yasheyka delinedi.

Qatar — bu lgorizontal sızıqta jaylasqan yasheykalar, bag'ana — bul vertikal sızıqta jaylasqan yasheykalar.

Tablitsalardan sanlardı bag'anada tegislew ushın paydalanıw mu'mkin; bul jag'dayda olardı tan'law ha'm olar u'stinde esaplaw a'mellerin orınlaw a'piwayılasadı. Sondayaq tablitsalardı teksttin' abzatsların ha'm olarg'a sa'ykes su'wretlerdi tegislewde isletiw mu'mkin.

# PAYDALANILG’AN A’DEBİYATLAR

1. Abramov V.G., Trifonov N.P., Trifonova G.N. Vvedenie v uazık Paskal. -M.: Nauka, 1988.-320s.
2. Nemnuugin S.A. Turbo pascal, uchebnik. İzd. Piter., 2001, -496 s.
3. Pilshikov V.N. Uprajneniua po uazıku Paskal-M.: MGU, 1986.
4. Faronov V.V. Programmirovanie v personalnom EVM v srede Turbo-paskal.-M.:MGTU,1990. –443s.
5. Informatika va programmalash. O’quv qo’llanma. Mualliflar: A.A.Xaldjigitov, Sh.F.Madraximov, U.E.Adamboev, O’zMU, 2005 uil, 145 bet.
6. V.V.Faronov «Turbo Pascal». S-Pb 2004. İzd. «BXV-Peterburg»
7. Otarov A., Allanazarov J. A`meliu informatika tiukarlari. No`kis Bilim 2002 j
8. Vladimir Popov. «Paskal i Delfi». Samouchitel. S-Pb.: «Piter» 2004 j. 544 str.
9. □Laboratornı u praktikum po informatike□ pod redaktsieu prof. V.A.Ostreukovskogo. M.: □vı sshaua shkola□2003 j.